# ҚАРАӨЗЕКШИЛЕР МӘМЛЕКЕТЛИК РЕЖЕНИ ОРЫНЛАДЫ

Image not found or type unknown

Районымыз пахтакешлери республикамызда бириншилерден болып, усы жылдың пахта тапсырыў шәртнамалы режесин орынланды. Фермер хожалықлары тәрепинен мол ҳасыл жетистирип мәмлекетке 8400 тонна пахта қырманы тапсырылды. Соннан көпшилик бөлеги жоқары сортларға сатылды. Усы жылда 3910 гектардан зыят майданлардағы ғаўашаларға “С-4727” "Ч-5018" сортлары егилип, агротехникалық илажларға сай итибар қаратылды. Пахтаны қысқа мүддетте сыпатлы қылып терип алыўда, фермер хожалық ағзалары ҳәм теримшилерге бәрше зәрүр шараятлар жаратылды. Районның бәлент қырманына А.Досназаров, Есимөзек Мәдenият хожалықлары пахта сатыў шәртнама режесин Республикамызда бириншилерден болып орынлаўға еристи. Сондай-ақ Бердақ, Қараөзек Қуралпа, С.Камалов хожалықларыда пахта қырманына мүнәсип үлеслеслерин қосты. Бүгинги күниде басқа да фермер хожалықларында жыйын-терим мапазы қызғын даўам етпекте.

Қараөзек районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети